ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№120 (23.528) ● 2017 гъэм мэкъуауэгъуэм (июньм) и 28, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● ЗэIущIэхэр

ЩIыхуэр ягъэмащIэ

Гъэсныныпхъэ-энергетикэ IэнатIэр (ТЭК) зэрылажьэм пыщIа гугъуехьхэр зэфIэхыныжьмкIэ ведомствэхэм здай гупым и зэIущIэ КъБР-м и Правительствэм и унафэщIым и къуэдзэ Бэлэтокъуэ Владимир, «Газпром межрегионгаз Нальчик» ООО-м и унафэщI **Анастасов Владимир**, «Къэбалъкъэнерго» АО-м и унафэщI **Дэхъушокъуэ Аслъэн**, муниципальнэ Iэхъущ-IапIэхэм я Iэтащхьэхэр.

ЗэIущIэр иублэу КIуэкIуэм жиIащ гъэсныныпхъэ-энергетикэ IэнатIэр зэрылажьэм пыщIа гугъуехьхэр зэфIэхыныжьмкIэ ведомствэхэм здай гупым и зэIущIэу нэгъабэ екIуэкIам и ужькIэ, унафэ зыбжанэ зэрищIар, абы тетуи лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкIуэкIар, екъулIныгъэфIхэри къыздэрагъэлъэгъуар. Республикэм и Iэтащхьэм и псалъэхэм щыхьэт техъуащ Бэлэтокъуэм.

- Гъэсныныпхъэмрэ уэздыгъэмкIэ республикэм телъ щIыхуэр щыхэхьжьныр щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм я пщэ дэтлъхьати, 2017 гъэм и щIыщыпэ - накъыгъэ мазэхэм къриубыдэу, екъулIныгъэфIхэр къагъэлъэгъуащ - республикэм щIыпIэ самоуправленэхэм я мылькумкIэ лажьэ IуэхущIапIэхэм зтепщIыхьмэ, газым и уасэр (зэрызэкIэлъыкIуэу) процентI 102,8-рэ, процентI 106-рэ хъуэу ятащ. Уэздыгъэ къагъэсбэпам и уасэр процентI 112-рэ, 103,2-рэ, хуабэм папщIэ процентI 133,6-рэ, 125,5-рэ мэхъу, - къыхигъэщащ Бэлэтокъуэм.

Мы бжыгъэхэр процентI 100-м щIыщIигъум щIэупщIат Кузнецоври, къулыкъущIэм жиIащ нэхъапэIуэкIэ къатена щIыхуэмрэ мы мазэхэм ятамрэ зэхэплъхьэжмэ, апхуэдиз зэрырикъур. Къыхэгъэщыпхъащ федеральнэ IуэхущIапIэхэм гъэсныныпхъэ уасэм теухуауэ ятелъ щIыхуэр процент 61,7-кIэ фIэкIа зэрамыпшынар.

- 2017 гъэм и япэ мазитхум хуабэм щхьэкIэ сом мелуан 398-рэ къыхахащ, ар 2016 гъэ псом къыхэкIам нэхъ рэ (сом мелуан 332-рэ) нэхъыбэщ. ЩIыхуэ зытелъхэм я процент 60,9-м къраIыхьжащ, - жиIащ Бэлэтокъуэм.

Кузнецовыр абы арэзы ирихъуакъым:

- Процент 60-р мы Iуэхум теухуауэ нэхъ мащIэ дыдэу узыщIигугъ хъуну бжыгъэщ. Гъэсныныпхъэ къагъэсэбэпым и процентI 100-р нэсу къатын хуейщ. Фи лэжьыгъэр нэхъри зэгъэуIуаэу, зэтеублауэ слъагъуну сыхуейт, - къыхигъащащ министрым.

Гъэсныныпхъэмрэ хуабэмкIэ щIыхуэр зыпшынежьыфар Шэрэдж щIынальэращ (процентI 110-рэ), Бэлэтокъуэм зэрыжиIамкIэ. Абы къыкIэлъокIуэ Прохладнэр (процентI 97-рэ). Нэхъ мащIэ къэзытхэм ящыщщ Iуащхьэмахуэ, Май щIыналъэхэр (процентI 25-рэ).

«Газпром межрегионгаз Нальчик» ООО-м и унафэщI Анастасов Владимир зэрыжиIамкIэ, 2018 гъэм къыхахьжьыфынуращ газымкIэ республикэм щIыхуэр теIыр. Апхуэдэу ахэр кIэлъоплъ газ уасэр ямытын папщIэ, IуэхущIапIэхэр банкротым намыгъэсыным. Къищынэмыщ1ауэ, щIыхуэ зытелъхэм хъыбар зэрырагъащIэ тхылъымпIэр пощткIэ мыхъуу, ар зи къалэн лэжьакIуэхэм хуахь, ахъшэр банкоматкIэ ятыныи Iэмал яIащ, ауэ Iуэхур и пIэ икIыркъым. Абы зэрыжиIэмкIэ, Къэхъунрэ Псыкуэдрэ гъэсныныпхъэ уасэр къыщыхэпхьыжыну гугъущ.

Абы къыдэкIуэу къулыкъущIэхэм къыхагъэщащ гъэсныныпхъэм пэкIуэу щIыхуэхэм ятелъ щIыхуэр хуэмо-хуэмурэ фIэкIа къыхэмыкIми, уэздыгъэ уасэр и чэзум зэратыр.

«Къэбалъкъэнерго» АО-м и унафэщI Дэхъушокъуэ Аслъэн зэрыжиIамкIэ, дызытепсэлъыхь лъэхъэнэм къриубыдэу КъБР-м и гъэсныныпхъэ-энергетикэ IэнатIэхэм сом мелуан 242,4-рэ и уасэ электрокъару къагъэсэбэпащ. Абы щыщу сом мелуан 145,6-рэ ятыжащ (процентI 60,1-рэ). Дэхъушокъуэм жиIащ федеральнэ IуэхущIапIэхэм ятелъ щIыхуэр зэрыныпхъэбэр, щIыхуэхэм къатыжын хуейм нэхърэ.

ЗэIущIэм и кIэм республикэм и Iэтащхьэм иджыри зэ къыхигъэщащ щIыхуэ зэтрамыгъэхьэныжмкIэ IуэхущIапIэхэм зэрыныпхъэ-бэр, щIыхуэхэм къатыжын хуейм нэхърэ.

ЗэIущIэм и кIэм республикэм и Iэтащхьэм иджыри зэ къыхигъэщащ щIыхуэ зэтрамыгъэхьэныжмкIэ IуэхущIапIэхэм я щIыпIэ самоуправленэхэм я мылькумкIэ лажьэ IуэхущIапIэхэм ятепщIыхьмэ, газым и уасэр (зэрызэкIэлъыкIуэу) процентI 102,8-рэ, процентI 106-рэ хъуэу ятащ. Уэздыгъэ къагъэсбэпам и уасэр процентI 112-рэ, 103,2-рэ, хуабэм папщIэ процентI 133,6-рэ, 125,5-рэ мэхъу, - къыхигъэщащ Бэлэтокъуэм.

Мы бжыгъэхэр процентI 100-м щIыщIигъум щIэупщIат Кузнецоври, къулыкъущIэм жиIащ нэхъапэIуэкIэ къатена щIыхуэмрэ мы мазэхэм ятамрэ зэхэплъхьэжмэ, апхуэдиз зэрырикъур. Къыхэгъэщыпхъащ федеральнэ IуэхущIапIэхэм гъэсныныпхъэ уасэр теухуауэ ятелъ щIыхуэр процент 61,7-кIэ фIэкIа зэрамыпшынар.

- 2017 гъэм и япэ мазитхум хуабэм щхьэкIэ сом мелуан 398-рэ къыхахащ, ар 2016 гъэ псом къыхэкIам нэхъ рэ (сом мелуан 332-рэ) нэхъыбэщ. ЩIыхуэ зытелъхэм я процент 60,9-м къраIыхьжащ, - жиIащ Бэлэтокъуэм.

Кузнецовыр абы арэзы ирихъуакъым:

- Процент 60-р мы Iуэхум теухуауэ нэхъ мащIэ дыдэу узыщIигугъ хъуну бжыгъэщ. Гъэсныныпхъэ къагъэсэбэпым и процентI 100-р нэсу къатын хуейщ. Фи лэжьыгъэр нэхъри зэгъэуIуаэу, зэтеублауэ слъагъуну сыхуейт, - къыхигъащащ министрым.

Гъэсныныпхъэмрэ хуабэмкIэ щIыхуэр зыпшынежьыфар Шэрэдж щIынальэращ (процентI 110-рэ), Бэлэтокъуэм зэрыжиIамкIэ. Абы къыкIэлъокIуэ Прохладнэр (процентI 97-рэ). Нэхъ мащIэ къэзытхэм ящыщщ Iуащхьэмахуэ, Май щIыналъэхэр (процентI 25-рэ).

«Газпром межрегионгаз Нальчик» ООО-м и унафэщI Анастасов Владимир зэрыжиIамкIэ, 2018 гъэм къыхахьжьыфынуращ газымкIэ республикэм щIыхуэр теIыр. Апхуэдэу ахэр кIэлъоплъ газ уасэр ямытын папщIэ, IуэхущIапIэхэр банкротым намыгъэсыным. КъищынэмыщIауэ, щIыхуэ зытелъхэм хъыбар зэрырагъащIэ тхылъымпIэр пощткIэ мыхъуу, ар зи къалэн лэжьакIуэхэм хуахь, ахъшэр банкоматкIэ ятыныи Iэмал яIащ, ауэ Iуэхур и пIэ икIыркъым. Абы зэрыжиIэмкIэ, Къэхъунрэ Псыкуэдрэ гъэсныныпхъэ уасэр къыщыхэпхьыжыну гугъущ.

Абы къыдэкIуэу къулыкъущIэхэм къыхагъэщащ гъэсныныпхъэм пэкIуэу щIыхуэхэм ятелъ щIыхуэр хуэмо-хуэмурэ фIэкIа къыхэмыкIми, уэздыгъэ уасэр и чэзум зэратыр.

«Къэбалъкъэнерго» АО-м и унафэщI Дэхъушокъуэ Аслъэн зэрыжиIамкIэ, дызытепсэлъыхь лъэхъэнэм къриубыдэу КъБР-м и гъэсныныпхъэ-энергетикэ IэнатIэхэм сом мелуан 242,4-рэ и уасэ электрокъару къагъэсэбэпащ. Абы щыщу сом мелуан 145,6-рэ ятыжащ (процентI 60,1-рэ). Дэхъушокъуэм жиIащ федеральнэ IуэхущIапIэхэм ятелъ щIыхуэр зэрыныпхъэбэр, щIыхуэхэм къатыжын хуейм нэхърэ.

ЗэIущIэм и кIэм республикэм и Iэтащхьэм иджыри зэ къыхигъэщащ щIыхуэ зэтрамыгъэхьэныжмкIэ IуэхущIапIэхэм зэрыныпхъэ-бэр, щIыхуэхэм къатыжын хуейм нэхърэ.

ЗэIущIэм и кIэм республикэм и Iэтащхьэм иджыри зэ къыхигъэщащ щIыхуэ зэтрамыгъэхьэныжмкIэ IуэхущIапIэхэм зэрыныпхъэ-бэр, щIыхуэхэм къатыжын хуейм нэхърэ.

ФЫРЭ Анфисэ.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Белавенцев Олег зи щхьэ IуэхукIэ зыкъыхуэзыгъэзахэм епсэлъащ. Связым и Iэмалхэр къгъэсэбэпри, абы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий

Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Белавенцев Олег дыгъуасэ яхуэзащ зи щхьэ IуэхукIэ къекIуэлIа цIыхухэм. Видеоконференц связым и Iэмалхэр къигъэсэбэпри, абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий.

ЩIЫНАЛЪЭМ и субъект зэмылIужьыгъуэхэм щыщ цIыхухэм къаIэтащ жылагъуэхэр газрэ псыкIэ къызэрызэрагъэпэщащ щIыкIэр егъэфIэкIуэным, автомобиль гъэгурэхэр къагъэщIэрэщIэжыным, къалэхэмрэ къуажэхэмрэ зэIузэпэщ щIыным япыщIа Iуэхурэр. ЦIыхухэм я тхъэусыхафэхэм лъабжьэншэу зыри яхэмыту къалъытащ икIи зыхуэфащэ пщэрылъхэр хуагъэуващ округым хиубыдэ щIынальэхэм я унафэщIхэм. Ахэр зэрагъэзащIам и нэIэ тригъэтынущ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэм. Дэтхэнэ зы цIыхуми къыхилъхьахэр зэрагъэзащIам теуха жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ езыр щыт зэрыхъунур жраIащ.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и Аппаратым и пресс-Iуэхущ1апIэм къытахэм япкъ иткIэ

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ зи щхьэ IуэхукIэ къекIуэлIа цIыхухэм яхуозэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. Правительствэм и Унэм щахуэзащ зи щхьэ IуэхукIэ къекIуэлIа цIыхухэм.

ЗэIущIэм щыхэплъащ мэкъумэш кооперацэм и IэнатIэм зегъэужьыным, республикэм и къалащхьэм и гъуэгутранспорт инфраструктурэр егъэфIэкIуэным, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iуэхутхьбзэхэм я фIагъыр къэIэтыным теухуауэ къыхалъхьахэм.

Апхуэдэу цIыхухэм къаIэтащ псэупIэхэр егъэфIэкIуэным, жылагъуэхэр нэхъ зэIузэпэщ щIыным, зи узынщагъэр зэкIэлъыныкIуэхэмрэ бын куэд зэрыс унагъуэхэмрэ хэхауэ ядэIэпыкъуным теухуа Iуэхухэр.

КъБР-м и къэрал властым и органхэу зыхуэфащэхэм пщэрылъ щащIащ цIыхухэм къагъэлъэгъуа дэтхэнэ зы гугъуехьри дзгъэкIыным къару псори ирахьэлIэну икIи къабгъэдэхуэ къалэнхэр зэрагъэзэщIамкIэ зэман пыухыкIам ирихьэлIэу отчёт ятыжыну.

Дыдэрыт илъэсыр къызэрыкIуэр щыналъэм и Iэтащхьэм я щхьэ IуэхукIэ зыкъыхуагъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм ящыщу цIыхуи 124-м.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. ЩIалэгъуалэм я махуэм теухуа и хъэщхъу

Ныбжьэгъу лъапIэхэ! ЩIалэгъуалэм я махуэмкIэ си гуапэу сынывохъуэхъу.

ЩIалэгъуалэр жылагъуэм и Iыхьэ нэхъ жыдэржщ, нэхъ псынщIэу зызыгъаззщ, зэхъуэкIыныгъэхэм нэхъ тэмэму хэзагъэ икIи щIэныгъэщIэхэр нэхъ псынщIэу къэзыщтэ и Iыхьэщ.

Нобэ къэралыр хэхауэ яхуэныкъуэщ щIэныгъэ нэс зыбгъэдэлъ, тегушхуэныгъэ зыхэлъ, къызэрымыкIуэ хэкIыпIэкIэ къэзыгъуэтыфI творческэ цIыхухэм. Дэ ди къалэн пэрытщ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ я зэфIэкIыр къагъэлъэгъуэныжмкIэ, абыхэм яхуэфащэ увыпIэ гъащIэм щаубыдыныжмкIэ, къэрал, жылагъуэ Iуэхухэм, щIэныгъэм, щэнхабзэм хэзэгъэныжмкIэ адэIэпыкъуныр.

Фэ фщыщ дэтхэнэ зыми и екъулIныгъэхэр, фи текIуэныгъэхэмрэ зэфIэкIхэмрэ Урысейм и екъулIныгъэ ирехъу, ди къэралым и зыужьныныгъэм хурыреладжьэ.

Уэзышагъэ быдэ, насып, мамырыгъэ,efIэкIуэныгъэ фиIэну си гуапэщ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ школхэр къэзыцухахэм я хьэщ1ащ

Хабзэ хъуауэ къызэрекIуэкIым тету, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр хэтащ курыт еджапIэхэр къызэраухам теуха гуфIэгъуэ Iуэхухэм.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ апхуэдэ гуфIэгъуэшхуэмкIэ екъуэхъуащ Налшык къалэм дэт «Гимназие №14» муниципальнэ кIэзонэ еджапIэр къэзыухахэм. Абыхэм щепсалъэм спикерым жиIащ:

- Республикэм и школ нэхъыфI дыдэхэм ящыщым фызэрыщIэса илъэсхэр къызэвнэкIащ. Мы школым фэ щIэныгъэ щызэвгъэгъуэтащ, япэ текIуэныгъэхэр къыщыфхьащ, нэхъыжь Iущхэмрэ ныбжьэгъу пэжхэмрэ щывиIащ. Щэч лъэпкъ къытесхэркъым школым фыщыщIэса илъэсхэр гукъэкIыж дахэу игъащIэкIэ зэрывиIэнум, фи егъэджакIуэхэмрэ къывдеджахэмри зэи зэрыфщымыгъупщэнум.

Нобэ фэ балигъ гъащIэм и бжэщхьэIум фобакъуэ. Зи гуэгур къыхэзыхахэри адэкIэ ищIэнур зэкIэ пыухыкIауэ зымыубзыхуахэри къыфхэту къыщIэкIынщ. Ауэ дэ дыхуейщ зыхуэвгъэувыжа псори къывэхъулIэну, насыпыфIэу, ди къэралышхуэм хуэфэщэн цIыхуу фыщытыну.

Фи мурадхэр гъэззэщIа зэрыхъунур зэлъытар фи закъуэщ, абы и лъэныкъуэкIэ фхэлъ жэрдэмыщ, тегушхуэныгъэрщ, япэкIэ фрыкIуэтэн папщIэ вбгъэдалъ егугъуныгъэрщ. Сэ фыкъызэупщIмэ, ныжжесIэну сыхуейщ фигуэр фи псэкIэ нэхъ фызыхуащIэкъу гъуэгур къыхэфхыну икIи фи зэфIэкIымрэ зэхэщIыкIымрэ нэгъэсауэ я гъуэгум къыщыгъэсэбэпыну. Нэхъыщхьэ дыдэр арщи, зэфIэвгъэкIам дежь фыкъыщымыувыIэ, нэхъ Iуэху иныжхэр зэрызэвгъэхъулIэныим фыхуащIэкъу. Абы и лъэныкъуэкIэ фигу къэзгъэкIыжыну сыхуейщ сыт хуэдэ хъуэпсапIэри нахуапIэ зэрыпхъэщIынур, абы зэпымыууэ ухущIэкъумэ.

Егоровэ Татьянэ адэ-анэхэмрэ педагогхэмрэ хэхауэ фIыщIэ яхуищIащ сабийхэр егъэджэныжмрэ гъэсныжмрэ къаруушхэу зэрарагъэхьэлIам папщIэ.

ГуфIэгъуэ Iуэхухэм пащащ художественнэ самодеятельностым и концерткIэ. Апхуэдэу и ныбжьэгъухэм я пащхьэ уэрэд щыжиIащ телевиденэм и Япэ каналым и «Макъ. Сабийхэр» проектым и финалым нэса Хекилаевэ Денизэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэм.

КIуэкIуэ Юрий къыпщытащ республикэм и къалащхьэр зэIузэпэщ щIынымкIэ лэжьыгъэхэм я фIагъыр, къалэ инфраструктурэм хиубыдэ Iуэхущ1апIэхэр зэрызэрагъэпэщ1ыжыр

Иджыблагъэ КIуэкIуэ Юрий къыпщытащ республикэм и къалащхьэр зэIузэпэщ щIынымкIэ лэжьыгъэхэм я фIагъыр, апхуэдэу къалэ инфраструктурэм и IэнатIэ щхьэхуэхэр зэрызэрагъэпэщыжыр.

ЩIЫНАЛЪЭМ и унафэщIыр еплъащ Мэлбахъуэ Т. Къу. и цIэр зезыхьэ уэрамым мэтр 950-м щIигъу къызэщIэзыубыдэ и транспорт зэхэкIыпIэм. ГъущI гъуэгум зэпрыкI лъэныжьыр зытелъа а щIыпIэр мыгувэу къызэIуахьжынущ. Иджыпсту гъуэгу Iуфэхэр зыхуэй хуагъаз, уэздыгъэхэр зыфIадзэну пкъохэр ягъэув, троллейбусхэм папщIэ кIапсэхэр вукъуэдий, асфальт зытралъхьажыну щIыпIэхэр ягъэхьэзыр.

Гулъытэ хэха хуащI гъуэгум шынагъуэншэу щызекIуэныжмкIэ Iэмалхэр къызэрэпэщыным, иджырей мардэхэм къызэгъыу щхъуантIагъэхэр хэсэным. Транспортыр щызекIуэну Iыхьэри лъэс зекIуапIэхэри нэхъ бгъуфIэ хъуащ. Аэр зэпызыгъэщхьэхукI Iыхьэр удз дахэхэмкIэ, уэздыгъэ екIуэжмкIэ гъэщIэрэщIащ.

Лэжьыгъэхэр щекIуэкI щIыпIэм пэгъунэгъу унэхэм я щIыбхэр къагъэщIэрэщIэж, унащхьэхэр зэрахъуэкI. Мы лэжьыгъэхэм жыджэру хэтщ хъэрычэтыщIэхэм ящыщ куэди.

Жьы дыдэ зэрыхъуам къыхэкIыу инженер сетхэр зэрахъуэкI. Абы хиубыдэу электрокъарур зрикIуэ кIапсэхэр, связым и коммуникацкэхэр зэраукъуэдиину щIыкIэми гулъытэ хуащIащ. «КIапсэхэр щIыху зекIуапIэхэм хуэзэу пкъокIэ укъуэдииныр иджырей зэманым къеззгъыжьырхъым. Иджыпсту ахэр нэхъ тэмэму зехьэныжмкIэ икIи щынагъуэншагъэм и хабзэхэм къезэгъыу къэгъэсбэныныжмкIэ Iэмал куэд щыIащ, абыхэм къалэм и теплъэри ирагъэфIэкIуэнущ», - жиIащ КIуэкIуэ Юрий.

КъыкIэлъыкIуэу республикэм и Iэтащхьэр щыIащ Щоджэнцыкlым и цIэр зезыхьэ уэрамым. Абы къыхигъэщхьэхукIащ зэкIэ а щIыпIэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм арэзы къызэращIыр. Лермонтовымрэ Щоджэнцыкlымрэ я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм я зэблэкIыпIэм хуэзэу щыIэ сквералъ къагъэщIэрэщIэжащ, абы удз гъэгъа куэд щыхасащ, тетIысхьэпIэхэр щагъэуващ. А псоми икъукIэ екIуу хэзэгъащ щIэуэ ягъэува псыутхыр.

Къалэр зэIузэпэщ щIыныжмкIэ, абы и инфраструктурэм зегъэужьныжмкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм еплъа нэужь, республикэм и Iэтащхьэм лэжьыгъэ псори щIэзгъэхуэбжьэныж, тхыдэм и фхэплъхэр къэгъэщIэрэщIэжныжмрэ хуэгъэзащ пщэрылъхэр яхуигъэуващ Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм, КъБР-м Хуэныгъэмкlэ, псэупIэ-коммунальнэ, гъуэгу хозяйствэмкlэ и министерствэм, КъБР-м Транспортымрэ связымкIэ и хозяйствэм, КъБР-м щIыIэ МВД-м и УГИБДД-м.

УРЫСОКЪУЭ Ринэ.

ПУТИН Владимир:

Жылагъуэ палатэм IэнатIэ пыухыкIа иIэн хуейти, а IэнатIэр абы иубыдащ

Урысейм и Жылагъуэ палатэм и еханэ хэхыгъуэм КъБР-м къыбгъэдэкIыу хаха Нэхъущ Заурбий иджыблагъэ хэтащ палатэм и япэ пленар зэхуэсым икIи ар къыззрыщIыхъуар ди корреспондентым къихуиIуэтэжащ.

- УФ-м и Жылагъуэ палатэм и хэхыгъуэщIэр Iыхьищу гуэшауэ къызэрагъэпэщащ. Абы хэтхэм ящыщу цIыху 40-р Урысей Федерацэм и Президентым мы гъэм гъатхэпэм и 20-м къыдигъэкIа Указымкlэ хигъэхьащ, цIыху 84-р УФ-м и субъектхэм я жылагъуэ палатэхэм я лIыкIэщ, цIыху 43-р IэIэткIэ къыхахащ сатум пымыщIа организацэхэм къагъэлъэгъуа кандидат 403-м. Зи полномочиехэр 2020 гъэм нэсыу зыгъэззэщIэну палатэм блэкIа зэхуэсыгъэм хэтахэм я Iыхьэ щанэр къыхэнэжауэ араща.

Мэкъуауэгъуэм и 19-м екIуэкIа япэ пленар зэIущIэм УФ-м и Жылагъуэ палатэм и секретарь Сергей Шыхахащ урысей журналист, жылагъуэ пэжьакIуэ щIэрыIуэ, 1990 гъэ лъандзрэ «Эксперт» журналым и редактор нэхъыщхьэ, Стратегие жэрдэмхэмкIэ агентствэм проектыщIэхэр пхыгъэкIыныжмкIэ и эксперт советым и тхэмадэ, Урысейпсо цIыхубэ фронтым и штаб нэхъыщхьэм хэт икIи «ЦIыхухэм я гъащIэм и фIагъыр» лэжьакIуэ гупым хэтхэм я унафэщI, Урысей Федерацэм и Правительствэм псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iуэхухэмкlэ ведомствэхэм зэдай и лэжьакIуэ гупым хэт, Жылагъуэ проектхэр гъэхъэзырыныжмкIэ институтым и унафэщI, телевиденэм и Япэ каналым «Тхьэмахуэ зэман» программэр щезыгъэкIуэкI Фадеев Валерий.

Палатэм щIэуэ хагъэхьахэм яхэтщ дуней псом щыцIэрыIуэ цIыхухэр - «Художественнэ гимнастикэмкlэ урысейпсо федерацэм» и президент Виннер-Усмановэ Иринэ, «Лъэпкъым и узынщагъэмкlэ лигэ» зэгухьэныгъэм и президент, кардиохирург Бокерие Лео, «Урысейм машинэ зыщI и IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я союз» зэгухьэныгъэм и тхьэмадэм и кIуэдзэ, Урысейм ЩIэныгъэхэмкlэ и академием и академик Алешин Борис сымэ хуэдэхэр.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

НОБЭ

♦Адыгэ Республикэм и къэрал суверенитетым теухуа Декларацэр къыщащта

♦Украинэм и Конституцэм и махуэщ. 1996 гъэм Украинэм и Радэ Нэхъыщхьэм зы жэщым кIуриубыдэу къыщтауэ щытащ къэралым и КонституцэщIэр.

♦Къэзахъстаным щагъэлъапIэ связымрэ хьыбарегъащIэ IэнатIэхэмрэ я лэжьакIуэхэм я махуэр

♦1779 гъэм пащтыхь гуащэ Екатеринэ ЕтIуанэм Москва псы зэрыкIуэ бжьамийхэр щыукъуэдиныным теухуа унафэ къыдигъэкIащ. А лэжьыгъэр илъэс 25-кIэ екIуэкIащ.

♦1912 гъэм Урысейм къыщызэрагъэпэщыжащ зэзыгъэкIуэ судыщIэхэм я кулыкъухэр. А Iуэхущ1апIэр 1889 гъэм зэхуащIыжауэ щытат.

♦1919 гъэм Франджым щыIэ Версаль уардзэнэм Iэ щытрадзащ Япэ дунейпсо зауэр зэриухам щыхьэт техуэу дэфтэр нэхъыщхьэм - мамырыгъэ зэгурыIуэныгъэм.

♦1919 гъэм Лъэпкъхэм я Лигэ къызэрагъэпэщащ.

♦1941 гъэм нэмыцэ-фашистыдзэхэм Белоруссием и къалащхьэ Минск яубыдащ. Ар абыхэм яIыгъащ 1944 гъэм бадзэуэгъуэм и 3 пщIондэ.

♦1944 гъэм фашистхэм къыIэщIагъэкIыжащ Петроза водск къалэр - а зэманым Карело-Фин ССР-у щытам и щыхьэрыр.

♦1946 гъэм Горький къалэм дэт зыводым къыщыщIагъэкIыу щIадзащ ГАЗ М-20 «Победа» автомобиль псынщIэр.

♦1933 гъэм Москва щыщIадзащ цыджанхэр убыдыным, ахэр къалэм дэгъэIэпхъукIыным теухуа унафэр гъэзэщIэн. Абы ипкъ иткIэ къалащхьэр ирагъэбгынауэ щытащ цыджан 5470-м.

♦1948 гъэм Архитектурхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦1991 гъэм Будапешт щекIуэкIа зэIущIэм къыщащта унафэм ипкъ иткIэ зэбграуТIыпщыкIыжащ Экономикэм щызэдалэжьэныжмкIэ советыр (СЭВ), 1949 гъэ лъандзрэ лажьэу щытар.

♦Iуащхьэмахуэ япэ дыдэу дэкIа адыгэлI **Хьэшыр Чылар** къызэраIухурэ илъэс 219-рэ ирокIу.

♦ТхакIуэ, щIэныгъэлI, геналогиемкIэ дунейпсо академиемии (Париж) ЩIДАА-ми я член-корреспондент **Махъсидэ Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 73-рэ ирокIу.

♦ТхакIуэ, журналист, режиссёр **Бодров Сергей** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокIу.

♦Урысей актёр, режиссёр, усакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Панкратов-Черный Александр** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокIу.

♦Урысей спортсменкэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, художественнэ гимнастикэ спорт лIэужьыгъуэм щIыхьэ зиIэ и мастер, дунейпсо зэпеуэ куэдым щытекIуэ **Уэтяшевэ Ляйсан** и ныбжьыр илъэс 32-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр текъуэ-текIуэ щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэщх къыщещхьынущ. Хуэбэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 18 - 20 щыхъунущ.

ЗыгъэхьэзырарЗ
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Мариндж.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Лы псори лIыкъыми, фыз псори фызкъым.

Жылагъуэ палатэм Іэнатіэ пыухыкіа иІэн хуейти, а Іэнатіэр абы иубыдащ

(КІэухыр. ПщІэдзэр 1-нэ нап.).

УФ-м и Жылагъуэ палатэм и еханэ зэхуэсыгъуэм хиубыдэу комиссэ 19 (блэкІа зэхуэсыгъуэм елъытауэ зыкІэ нэхъыбэ) иІэнущ. Абыхэм къызэщІаубыдэнущ граждан жылагъуэм зегъэужьыным, цІыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэным япыщІа Іуэху нэхъыщхьэ дыдэхэр. Палатэм и зэфІэкІыр зыхуиунэтІыну Іуэху нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ граждан зэдзэІэпыкъужьныгъэм зегъэужьныр, псэукІэр егъэфІэкІуэным пыщІа Іуэхуэхэм цІыхухэр нэхъ зыубгъуауэ къыхэшэныр, экономикэм сатум пымыщІа и Іэнатіэм зегъэужьныр, социальнэ Іуэхуэхэр дзгъэкІыным пыщІа зэгухьэныгъэхэм защІэгъэкъуэныр. ЩІэуэ мы гъэм къызэрагъэпэщащ псапащІэ Іуэхуэхмкіэ, граждан егъэджэныгъэмкіэ, социальнэ жэуапльныгъэмкіэ комиссэ. Комиссэщхьэхуэм и зэфІэкІырхуэунэтІауэ щІэбнущ щІалэгъуалэ Іуэхуэхэм, щІэблэр хэкум хуэпэжу гъэсэным. Фадеев Валерий зэрыжиІамкіэ, Жылагъуэ палатэм и нэІэ тригъэтынущ цІыхуэхр нэхъ хэхаэу зыгъэпІейтей Іуэхуэхэм: псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм, хэхъуэхэр къэралым и щІыналъэхэм захуагъэ хэлъу зэрытрагуашэм, цІыхуэхр псэупІэкІэ, медицинэм и Іуэхутхьэбзэхэмкіэ къызэрызэрагъэпэщым, нэгъуэщІхэми. Иджыпей хэхыгъуэм хэтхэм апхуэдэу гулъытэшхуэ хуащІынущ кьалэхэмрэ кьуажэхэмрэ зегъэужьныным цІыхуэхр нэхъ зыубгъуауэ къыхэшэным. Абы и лъэныкъуэкІэ куэд зэфІиГъэкІын Іуэхуэм: псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм, хэхъуэхэр къэралым и щІыналъэхэм захуагъэ хэлъу зэрытрагуашэм, цІыхуэхр псэупІэкІэ, медицинэм и Іуэхутхьэбзэхэмкіэ къызэрызэрагъэпэщым, нэгъуэщІхэми. Иджыпей хэхыгъуэм хэтхэм апхуэдэу гулъытэшхуэ хуащІынущ кьалэхэмрэ кьуажэхэмрэ зегъэужьныным цІыхуэхр нэхъ зыубгъуауэ къыхэшэным. Абы и лъэныкъуэкІэ куэд зэфІиГъэкІын Іуэхуэм: псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм, хэхъуэхэр къэралым и щІыналъэхэм захуагъэ хэлъу зэрытрагуашэм, цІыхуэхр псэупІэкІэ, медицинэм и Іуэхутхьэбзэхэмкіэ комиссэм. Ящхэми хэхыгъуэм апхуэдэу гулъытэшхуэ хуащІынущ кьалэхэмрэ кьуажэхэмрэ зегъэужьныным цІыхуэхр нэхъ зыубгъуауэ къыхэшэным. Абы и лъэныкъуэкІэ куэд зэфІиГъэкІын Іуэхуэм: псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм, хэхъуэхэр къэралым и щІыналъэхэм захуагъэ хэлъу зэрытрагуашэм, цІыхуэхр псэупІэкІэ, медицинэм и Іуэхутхьэбзэхэмкіэ комиссэм. Ящхэми хэхыгъуэм хэтх

● Уаз

Ди газетым и щIэджыкIакIуэхэр фызэрыщIэупщIам ипкъ иткIэ, фигу къэдгъэкIыжынщ щIыхуэм теухуауэ Алыхьым къытхуигъэува мардэхэр. КъурIэн лъапIэм къыщыкIуащ щIыхуэ зэрытепхьэри, ар зэрытыжыпхьэри.

Ислъам диныр лъэныкъуитIкIи (фIырэ Iейкlэ) бгъэдохьэ щIыхуэм. Нэхъ гурыIуэгъуэгъу жыпIэмэ, жэнэтри жыхьэнмэри къозыгъэлэжь Iуэхугъуэщ щIыхуэр. ЩIыхуэм псапэу къыпэкIуэмрэ абы гуэныхьу къыпыкIымрэ зэпкърыхауэ я гугъу тщIынщ.

Псапэ влэжь

ЩIЫХУЭ къэщтэныр Алыхьым игъэхьэрэмакъым, ауэ Iуней щыпкъэращи, щыщыгуфыкIыжынущ дунеягъэкIэ щIыхуэ зытыр. Ауэ абы щыгъуэми зэщыдгъэгъупщэ хъунукъым, щIыхуэр къэзыщтэм ар и чэзум зэритыжыпхъэр, щIыхуэр зымытыжым, жыхьэнмэ мафIэр и хэщIапIэу щытынущ. ЩIыхуэ къэпщтар икIэщIыпIэкIэ тыжыпхъэщ (ялэу Iэмал зэрыбГуэтыхххэу). Абы и щIыхьэтщ мы хьэдисхэр: «Зи псэ хэкIа щIыхур жэнэтым щыкIуэнур мы Iэхуугуищыр бгъэдэмыпIымэщ: пагэу щымытамэ, мыдыгъуамэ, щIыхуэ темыпIымэ». НэгъуэщI хьэдисым къыщыкIуащ, Мухьэмэд-ибн-Абдуль ибн Джэхьш къиIуэтэжауэ: «Зэгуэрым Мухьэмэд бегъымбарыр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) жиIащ: «Субханэлахь! Субханэлахь! Сыту хабзэ гуэвэгъуэ, Яlалыхь, мыр!». Апхуэдизкlэ дыгуэвати, зыми зыри жыпIэжьыфыртэкъым. ЕтIуанэ махуэм бегъымбар лъапIэм (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) деупщIащ: «Сытыт, ЛыкIуэ лъапIэ, «хабзэ гуэвэгъуэ» жыхуэпIар?», жытIэри. Дэ жэуапу зэхэтхащ: «Ар щIыхуэм теухуа хабзэращ. Тхьэ соIуэ си псэр зи Iэмыщlэ и лъымкIэ, Алыхьым и закъуэныгъэм щIэбэну щIыхур яукIми, ар къэхъужрэ, аргуэру Тхьэм папщIэ и псэр итми, ещанэуи къэтэджыжрэ ДыкъэзыгъэщIам папщIэ и псэр итми, жэнэтыр имыпIаГъункIэ, щIыхуэ телъу».

Али ибн-Ату ТIалиб апхуэдизкIэ жьакIуэу, лIы пхъашэу Алыхьым къигъэщIати, муслъымэнхэм къапэщIэува джаурхэм я дзэ псо а зы лIым псалъэ защIэкIэ игъэшынэри, щIигъэпхъуэжауэ щытащ. Абы еупщIахэт: «Уа, Алий, уэ игъащIэм щIыхуэхэм ящIыщ гъэрым ущышынат?» Жэуапу зэхахащ: «НтIэ, сэ сыщIышынат зи щIыхуэ стелъ щIыхуэ къыззэрэплъа и нитIым».

НэгъуэщI хьэдисым къыщокIуэ: «ЩIыхуэ зытелъу дунейм ехьжа щIыхур Тхьэм и пащхьэм иувэжынщ, дыгъуэгъуакIуэм хуэдэу».

ЩIыхуэ зэритыжыным хущIэкъуу, абы телажьэу, ауэ хунэмысу дунейм ехьжам и Iуэхур щхьэхуащ. Алыхьым и псалъэу КъурIэным къыщыкIуащ: «Фэ фи гум илъым Алыхьыр щыгъуаззщ».

Тхьэр зыми къытхуэгъэпцIэнукъым, Абы ещIэ дэтхэнэ зыми ди гум илъыр. Ди гум илъым теухуауэщ ахърэтым жэуап зэрыщытхьынури. Апхуэдэхэм ятеухуауи хьэдисым къыщыкIуащ: «Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) жиIащ: «Си Iумэтым щыщу щIыхуэр зэритыжынм телажьэурэ ажалыр зылъыIэсахэм Кьемэт махуэм деж сэ сакъыщыхэщыжынущ».

ЩIыхуэ зыту щIыхум и гуэвэгъуэр дзэыгъэкIхэм псапэу кьалэжьым теухуауэ КъурIэн лъапIэм зэхтхэр къыщыкIащ, хьэдисхэми ущрохьэлIэ. Араущи, апхуэдэ псапэ зэрыдлэжьыным дыхущIэвгъэкъу.

Гуэныхь ин

Телъхьэ къыпэкIуэу (процентклэ) щIыхуэ тыныр нэхъ гуэныхьышхуэхэм ящыщ зыщ. Абы теухуауэ Абу Хьурейрэ къиIуэтэжащ: «Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) жиIащ: «Нэхъ гуэныхь ин дыдэу 7-м защIфхъумэ». Абы еупщIащ: «Уа, ЛыкIуэ лъапIэ, сыт хуэдэхэра ахэр?». Жэуапу зэхахащ: «Тхьэ нэпцIхэм яхуэпщIылIыным, хьэпэщыпхэ щыным, цIыху укIыным, проценткIэ ахъшэ щIыхуэ тыным, сабий зеиншэм и мылъкур фIэщхьыным, цIыхубзхэм якIырымылъ якIырылъхьэным,ебГъэрыкIуэныгъэ махуэм къикIуэтыным».

КъурIэн лъапIэм къыщыкIуащ: «ПроценткIэ ахъшэ зытхэр КъеМэт махуэм шейтIаным хуэдэу къэтэджыжынущ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абыхэм жаIащ процентыр сатум хуэдэу араУэ. Ауэ Алыхьым сатур хьэлэл ищIащ, проценткIэ ахъшэ тыныр игъэхьэрэмащ. Ахэр щIегъуэжрэ тобэ къахьыжмэ, я гуэныхьыр къахуэгъунщ, ауэ къытрагъэзэжрэ я Iэхуугъуэ хьэрэмыр ялэжьмэ - жыхьэнмэ Iыхьлы хъунщ. Апхуэдэхэр жыхьэнмэ мафIэ губжьам зэи къыхэкIынукъым. Процентыр Тхьэм егъэкъуаншэ, сэдэкъэр егъэбагъуэ. Алыхьым и нейр щыхуащ проценткIэ ахъшэ щIыхуэ зытхэм».

Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) жиIащ: «Алыхьым и нейр щыхуащ проценткIэ ахъшэ щIыхуэ зытхэми, къэзыщтхэми, абыхэм зэращIылIэ зэгурыIуэныгъэм щIыхьэт техъуэхэми».

А Iэхуугъуэр апхуэдизкIэ гуэвэгъуэщи, Алыхьым и псалъэу КъурIэным къыщыкIуащ: «Ар щывмыгъэтмэ (проценткIэ ахъшэ щIыхуэ тынырщ зи гугъу ищIыр), Тхьэмрэ ЛыкIуэмрэ зауэ къыщыващIлIэнущ. ЩIегъуэжрэ тобэ къэзыкъыжхэм я мылъкур кьахуэнэжынщ. Фэ лей зевмыхьэмэ, лей къыфтехьэнкъым».

Араущи, щIыхуэм жэнэтри жыхьэнмэри къуигъэлэжьынущ. Жэнэтыр кьалэжьынщ хуэгуэавэм щIыхуэ езыту и Iэхуу дзэыгъэкIэм. Жыхьэнмэр кьалэжьынщ ахъшэ щIыхуэр зыхуэтыжьыну зымытыжхэмрэ процент къытэкIуэным щыгуГэыу ахъшэ щIыхуэ зытхэмрэ. Абыхэм дахуэнгъэсакъ!

Илъэс куэдкIэ уэлэбэкIыжмэ, (Мухьэмэд бегъымбар лъапIэм (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) и ужькIэ),ислъам диным псынщIэу зыщиубгъурт Иракым и къалащхьэ Багдад. Уеблэмэ ислъамым ехьэлIа Iуэхугъуэ псори щауфэзыхун щыхьэру хахат а къалэр. Муслъымэн диныр куэуэ зыджа щIэныгъэлI куэд абы щыпсэуэри, дин щIэныгъэм и джэлэсу щытащ ар.

Iимам Абу-Хьэнифэ

А ЗЭМАНЫМ Урымым и пащтыхьым мурад ищIат Багдад цIыху игъакIуэу упщIищ ярыригъэтыну (а упщIэхэм жэуап къратыфмэ, муслъымэнхэм жаIэр пэжщ, жыхуиIэу). Ар щызэхихым, Иракым щыщ хъалифым къалэм щIэныгъэлIу дэсу хъуар зэхуишэсащ.

Урымым къигъэкIуам абыхэм захуигъэзащ: «Сэ фэ нобэ къыфхуэсхьа упщIэхэм жэуап ефтыфрмэ, муслъымэнхэм жыфIэр пэжщ ислъам диным ехьэлIауэ», - жиIэри.

Псоми кьалъагъун хуэдэу, ар лъагапIэм дэкIуеийри, и упщIищыр иташ:

1. Алыхьым ипэкIэ сыт щыIар?
2. Дэнэкlэ плъэрэ Алыхьыр?
3. Сыт иджыпсту Алыхьым ищIэр?

Тхьэм хуэмыфащэ упщIэ делагъэхэр кьызэрыратар ягу щыхьэщати, зы псалъи памыдзэжыфу я пIэм ижыхьат муслъымэнхэр, жаIэнур ямыщIэжу. Щым хъуа гупым зы сабий макъ псыгъуэ цIыкIу къыщыIуащ: «Си адэ, си адэ, Тхьэм папщIэ сынолъэIу, сэ хуит сыкъэщIи, езгъэт жэуап лIым и упщIэхэм!»

Хуит ящIа сабийм лIым и япэ упщIэр къриташ:

- Алыхьым ипэкIэ сыт щыIар?

- Уэ убжэфрэ? - итыжащ сабийм жэуап.

- НтIэ, - жиIащ лIым.

- АтIэ пщIым къыщыщIэдзауэ кьебжьыхьыжьт, уи Iэпхъуамбэхэр щIэбгъашэуэрэ, - жиIащ сабийм.

- ПщIы, бгъу, ийи, блы, хы, тху, плIы, щы, тIу, зы, - жиIэри, лIыр къэувыIэжащ.

- Сыт, щхьэ укъэувыIэжа? АдэкIи пыщI! - жеIэ сабийм.

- Дауэ зэрыпысщэнур, зым ипэкIэ зыри иткъым, - къэуIэбжьащ лIыр.

- АтIэ, икIэри - ипэри Iэпхъуамбэм ипэжкIэ зыри щимыткIэ, Алыхьым ипэкIэ сыт щыбГээIэнур?! Тхьэр псоми Япэщ, Яужьщ. Уафэхэри, щIылъэри, абыхэм я зэхуаку дэлъри Абы ейщ, - къитащ сабийм жэуап.

ЛIым игугъакъым зыпэмыджэжьфыну жэуап зэхихыну.

- Хьунщ-тIэ, къызжеIэт, сыт хуэдэ лъэныкъуэмкIэ плъэрэ Алыхьыр? - щIэупщIащ лIыр.

- Уэздыгъэ къэхьи щIэгъанэт! - къитащ сабийм жэуап.

ЛIым ар игъэзэщIащ.

- Иджы къызжеIэт, дэнэ лъэныкъуэмкIэ блэрэ уэздыгъэм и нурыр? - щIэупщIащ сабийр.

- Ар лъэныкъуэ псомкIи мафлэ: ижьымкIи, сэмэгумкIи, ипщэкIи, ищхъэрэкIи...Мыр уэздыгъэщ, - жиIащ лIым.

- НтIэ, икIэри-ипэри уэздыгъэжь щIыкIум и нэхур дэнэ лъэныкъуэмкIи идзмэ, а псори къэзыгъэщIыжа Алыхьым и нурыр дауэ къыпщIэхъурэ?! Тхьэр жейрькым, жещи маху иIэкъым, лъэныкъуэ псомкIи зэуэ маплъэ! - жэуап итыжащ сабий ящIым.

Урымым къикIа лIым и нэмкIэ илъагъумрэ и тхьэкIумэхэм зэхахымрэ и фIэщ хуэгъэхъуртэкъым, сабийм и губзыгъагъэр и акъылым кьыхуимыгъэтIасэу. Абы зигъэхьэзырат ещанэ упщIэр сабийм иритыну, ауэ щIалэ щIыкIум япэ зыкъыригъэува, жиIащ:

- Зэт, умыпIащIэт! УпщIэжэр зытыр уэращ, жэуапхэр езытыжыр сэращ. Нэхъ тэмэм хъунут уэ узытет лъагапIэм сэ сыдэбгъэкIуейрэ, сэ сыздэщIт щIылъэм уэ укъэхмэ, жысIэр псоми зэхахьи папщIэ, - жиIащ сабийм.

Сабийр лъагапIэм дригъэкIуейуэ, щIым кьеха нэужь, лIым ещанэ упщIэр итащ:

- Кьызжеiэт, сыт Алыхьым иджыпсту ищIэр?

- Ислъам диным щыдыхьэшх лIы пцIыупс мы лъагапIэм тету щIилъагъум, ар игъэпудри, псоми ауан ящIу кьрихухащ. Алыхьыр зи фIэщ хъум и жьэм псалъэ пэжхэр кьыжьэдапIэкIэм, ар лъагапIэм дригъэкIуеящ, - къитащ сабийм жэуап.

ЛIым и щхьэр ехьэхауэ, игури зэбгъэжауэ Урымым игъэзэжащ. Абы и упщIэхэм жэуап езыта сабий Iущым и цIэр Абу-Хьэнифэт (аль-Иммам аль-Азам) Тхьэр арэзы зыхуэхъун ар ислъам дин щIэныгъэлIу псэуащ.

Жэнэтым пэжыжьэнухэр

Хуабжьу гугъущ жэнэтым ухуэзышэ гъэзагу. Абы ипкъ иткIэ, зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым Кьемэт махуэм Алыхьыр къызэремыплъынур мыпхуэдэ цIыхухэм:

- адэ-анэм я псалъэр тIу зыщIхэм;
- цIыхухъуэхэм ядэплъейуэрэ абыхэм зезыгъэщхь цIыхубзхэм;
- зи щхьэгъусэхэр зи нэIэ щIэмытхэр (зыхуейр зылэжь бзылъхъугъэхэр щхьэзыфIэфIу щIызыгъэт цIыхухъуэращ зи гугъу ищIыр);
- фадэ зыIурылъхэм;
- псапэ зыщIэу, а ищIар зыхъуэныжхэм.

Ислъам диным къытхуигъэув фарзхэр зыгъэзащIэу, ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа Iуэхугъуэхэм защызыхъумэхэращ Алыхьыр фIыкIэ зыхуэупсэнухэр. Ар гъэзэщIэгъуэфIэкъым, сыту жыпIэмэ, шейтIаным и къалэныр дыщигъэуэнраци, ар абы егъэзащIэ. Дэ ди къалэныр Тхьэм и жьIэм дыщIэтынраци, ар зыгъэзэщIэфын дэтхэнэ зыри Алыхьым дищI!

Узыфэ куэдым я хущхъуэгъуэ

КъурIэн лъапIэм и Iэятхэр узыфэ куэдым зэрахущхъуэгъуэр иджы щIэныгъэлIхэми къахутащ.

АМЕРИКЭМ и Штат Зэгуэтхэм щыщ дохутыр щIэныгъэлI зыбжанэм КъурIэным и Iэятхэр сымаджэхэм хущхъуэгъуэ зэрахуэхъум кIэлъыплъым мурадкIэ къэхутэныгъэхэр ирагъэкIуэкIащ. КъурIэным макъкIэ къыщеджэм деж абы щIэдэIу сымаджэхэм я гур зэрылэжьэн хуей мардэм зэрытехьэжыр, псантхуэхэр (нервхэр) зэрызэфIэувжыр наIуэ къащIащ.

Къэхутэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым зыкIэлъыплъа сымаджэхэм яхэтащ муслъымэн диныр зезымыхьэ, КъурIэным щыщу зы псалъи къызэригурымыIуэ, уеблэмэ, хьэрыпыбзэ зымыщIэ куэд. ЯпэщIыкIэ КъурIэн Iэятхэм макъкIэ къеджэурэ ахэр щIагъэдзэурт. ИужькIэ абыхэм я Iэпкъпэлъпкъхэм яГуэта зэхъуэкIыныгъэхэр Iэмэпсымэ, компьютер нэхъыфIхэмкIэ къапщытэжырт. КъызэрыщIэкIамкIэ, сымаджэхэм ящыщу процент 97-м узыфэхэр ящхьэщыкIащ икIи гуп, псантхуэм, щIыфэм, нэгъуэщI узыфэхэми гугъу ирагъэхъуэм сэбэп яхуэхъуащ.

Нидерландхэм щыщ профессор, муслъымэн диныр зезымыхьэ Ван дер Ховен къихутащ «Алыхь» псалъэр хьэрыпыбзэкIэ гъэхуауэ, щэщIауэ щыжаIэкIэ, дэтхэнэ зы хьэрфри зи псантхуэр узэкъм сэбэп зэрахуэхъур. Профессорыр абы щыхьэт техъуащ иужьрей медицинэ IэмэпсымэфIхэр кьигъэсэбэпурэ.

- МАЗЭР зэрызэгуэкIар Мухьэмэд бегъымбар лъапIэм и зэманым къэхъуа телъыджжэм ящыщ зыщ. Джаурхэм ЛыкIуэм къыжраIат: «Уэ Алыхьым урилыкIуэр пэжмэ, мо мазэр тIууэ зэгуэгъэкI». А псалъэхэр зэхэзыха бегъымбарым и Iэхэр иIэту Тхьэм щелъэIум, мазэр тIуэ зэгуэкIат (Алыхь Iэмыркlэ). Ар зылъэгъуа джаурхэм ягъэщIэгъащ: «Мухьэмэд телъыджэ ищIащ».

-Ислъам диныр зезыхьэхэр нэхъыбэу здэщыIэр ар къыщежьауэ къалъытэ КъурIэнкIыпIэ Гъунэгъуракъым, атIэ Индонезие къэралыгъэурэ. Абы щопсэу муслъымэн мелуани 184-рэ.

- Индием щыпсэу муслъымэнхэр бжьыгъэкIэ нэхъыбэщ Сирием, Иракым, Иорданием, Палестинэм, Аравие ихтIыгу ныкъуэм хьихьэ къэралхэм псори зэхэту исхэм нэхъырэ.

- Мухьэмэд бегъымбарым и Iумэтхэр адрей лIыкIуэ псоми я Iумэтхэр зэхэту зэрыхъуу щытам нэхърэ нэхьыбэт.

- Нэхъ джаур дыдэхэм ящыщу щыта Абу Джахьил щэхуу едаIуэу щытащ зыгуэр КъурIэным макъкIэ къыщеджэкIэ, езым и псэр игъэтыншын папщIэ.

- Дунейм муслъымэну мелард 1,6-м щIигъу тетщ, Урысей Федерацэм ахэр мелуан 30-м щынэс.

- Мухьэмэд щIэр дуней псом щынэхъ цIэрыIуэ дыдэщ.

- Европэм хьихьэ къэралхэм ящыщу Албаниерщ муслъымэн нэхъыбэ дыдэ щыпсэуэр. Абы исхэм я процент 90-м щIигъум зэрахьэ ислъам диныр.

- Оксфордрэ Кембриджрэ я университетхэм япэ дыдэу къыщIэкIа студентхэр зэреджа математикэ, химие, медицинэ, астрономие тхыльхэр зытхахэр муслъымэнхэщ.

- Инджылыз философ Батский Аделард дуней псом щыщIэрыIуэ щIэныгъэлI зыщIар муслъымэнхэм я тхыгъэхэр латиньбзэкIэ зэрызэридзэкIыжарщ.

- Сауд Хьэрыпым щыщ Мадинэ кьалэм Бегъымбарым и цIэр зэрихьэу дэт мэжджэытым хэлъ бжэм и хьэлъагъыр тонни 5 мэхъу.

Муслъымэнхэр дапщэ хъурэ?

Хьэдис лъапIэхэр

-Ислъам диным къызэригъэув мардэм тету захуэпами, хамэ цIыхухъур къызэрыдахьэхыным хущIэкъу бзылъхугъэхэм жэнэтыр яльагъунукъым, уеблэмэ, жэнэтым и мэр къащIихьэнукъым.

- Хамэ цIыхуэм зыдеэзыгъэхьэх зы бзылъхугъэм и гуэныхьыр апхуэдэ Iуэхукlэ хьэрэм зылэжь цIыхухъу миним я гуэныхьым хуэдиз мэхъу.

- Фыз уэндэгъуэгэр, лъхуэхэр, сабийхэмкIэ гущIэгъу зыхэлъ бзылъхугъэхэр жэнэт Iыхьлы зэрыхъунум шэч хэлъкъым.

- Зипхъуэм яхуэтэмакъкIыхь адэхэр Алыхьым фIыуэ зэрилъагъум шэч хэлъкъым.

- Адэ-анэм я гуфIэгъуэр Тхьэм и гуфIэгъущ. Абыхэм я гуауэр Алыхьым и гуауэщ.

Хьэдис лъапIэхэр

- ХЬЭРЭМЫМ зыщыпхъумэныр нэхъ тынщщ, жыхьэнмэ мафIэм зыщыпхъумэн нэхърэ.

- Алыхьым фIыуэ илъэгъуа цIыхур щытыкIэ гугъум ирегъахуэ, и Iиманыр игъэунэхун мурадкIэ.

- Жагъуэгъуэм фызэрыхуэмызэным фыхущIэкъу, ауэ, фыхуэзэмэ, шыIэныгъэ зыхэвгъэлъ.

- Фэ фщыщу нэхъыфIхэр зи унагъуэм хуэфIырщ.

- ЦIыхум илэжь Iуэхугъуэфl псори сэдэкъэщ.

- Адэ-анэм я гуфIэгъуэр Алыхьым и гуфIэгъуэщ.

- Адрей цIыхуэхэм ефIэкIыу къызыщыкъуэжэм жэнэтыр ялъагъунукъым.

- Муслъымэным и Иманыр ирикъуркъым, езым хуэдэр и щхьэм иримылъытмэ.

- Фэ фщыщу зи Иманыр нэхъ быдэ дыдэр зи щытыкIэр дахэращ. Фэ фщыщу нэхъыфIыр зи щхьэгъусэм фIыуэ хущытырщ.

Бадзэуэгъуэм и нэмэз щIыгъуэхэр

● Фи лъэIукIэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, щэбэт	02.54	04.28	12.20	16.26	19.50	21.30
2, тхьэмахуэ	02.55	04.29	12.20	16.26	19.50	21.30
3, блыщхьэ	02.56	04.29	12.20	16.26	19.50	21.30
4, гъубж	02.58	04.30	12.20	16.26	19.50	21.30
5, бэрэжьей	03.00	04.31	12.20	16.26	19.49	21.29
6, махуэку	03.01	04.31	12.21	16.26	19.49	21.29
7, мэрем	03.02	04.32	12.21	16.26	19.49	21.29
8, щэбэт	03.03	04.33	12.21	16.26	19.48	21.28
9, тхьэмахуэ	03.03	04.33	12.21	16.26	19.48	21.28
10, блыщхьэ	03.04	04.34	12.21	16.26	19.47	21.27
11, гъубж	03.05	04.35	12.21	16.26	19.47	21.27
12, бэрэжьей	03.06	04.36	12.21	16.26	19.46	21.26
13, махуэку	03.07	04.37	12.22	16.26	19.46	21.26
14, мэрем	03.07	04.37	12.22	16.26	19.45	21.25
15, щэбэт	03.08	04.38	12.22	16.26	19.44	21.24
16, тхьэмахуэ	03.09	04.39	12.22	16.26	19.44	21.24
17, блыщхьэ	03.10	04.40	12.22	16.26	19.43	21.23
18, гъубж	03.11	04.41	12.22	16.26	19.42	21.22
19, бэрэжьей	03.12	04.42	12.22	16.25	19.41	21.21
20, махуэку	03.13	04.43	12.22	16.25	19.40	21.20
21, мэрем	03.14	04.44	12.22	16.25	19.40	21.20
22, щэбэт	03.15	04.45	12.22	16.25	19.39	21.19
23, тхьэмахуэ	03.16	04.46	12.22	16.25	19.38	21.18
24, блыщхьэ	03.17	04.47	12.22	16.24	19.37	21.17
25, гъубж	03.18	04.48	12.22	16.24	19.36	21.16
26, бэрэжьей	03.19	04.49	12.22	16.24	19.35	21.15
27, махуэку	03.20	04.50	12.22	16.23	19.34	21.14
28, мэрем	03.21	04.51	12.22	16.23	19.33	21.13
29, щэбэт	03.22	04.52	12.22	16.23	19.31	21.11
30, тхьэмахуэ	03.23	04.53	12.22	16.22	19.30	21.10
31, блыщхьэ	03.24	04.54	12.22	16.22	19.29	21.09

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я Iуэхущ1ап1эм къыдитащ.

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэщ.**

● Мэжджыт щIэрыIуэхэр



Тыркум и Ризе къалэм мэжджыт телъыджэ дэтщ - Кыбле Дагыщ абы зэреджэр. А цIэр щIыфIащар абы и гупэр Къэблэ лъэныкъуэмкIэ гъэзауэ зэрауху арщ. Ар метр 1300-рэ зи лъагагъ бгым тетщ, и теплъэри къыпхуэмыIуэтэным хуэдизу дахэу зэрагъэпэщыжащ 2015 гъэм.

Мэжджытым ныбжьыщхуэ иIэщ. Ар пхъэм къыхащIыкIри, 1800 гъэм ящхуащ. 1960 гъэм абы мафIэ къыщIэнэри, исауэ щытащ. А гъэ дыдэм щIыпIэ адміністрацэм и унафэщIым мывэкIэ мэжджытыр дрыригъэщIеижащ.

● Дифі догъэтъапІэ

ЩІэныгъэлІ щыпкъэ

Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым общэ физикэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ, физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор Азиз Исуф Кьадир и кІуачІэ и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуащ.

ПСЫХЪУРЕЙ къуажэм 1942 гъэм къыщалъхуа щІалэ цІыкІум, а зэманыр къэплъытэмэ, и сабиигъэр, къэжэпхыгъуэр тыншу зэрыщымытынур гурыІуэгъэт. Ауэ сыт хуэдиз гугъуэхь Іумыуами, Исуф щыщкъэ, щІэныгъэлІ цІэрыІуэ къищыкІащ. И ныбжьыр школ кІуэгъуэм щынэсым ирихьэлІу и адэ-анэр лэжьэну Тырныауз ягъакІуэри, пэщІдзэ классищым абы щеджауэ щытащ. ИужькІэ я унэм къагъэзэкри, Псыхъурей дэт къуажэ щколыр къиухыжкат. Езым зэрыжиІэжымкІэ, орджэнэр фІыуэ къехъулІэрт. Дыщэ медалкІэ школыр къэзыухахэм яхэтащ Исуф, ауэ а зэманым медалми пщІэшхуэ иІэжтэкъым. Зыхуеджэну Іэщ1агъэр кьыхихьын хуей щыхъуи фаІ физикэр иджмэ нэхъ кьыщтат. Адэ-анэмэ зыхуэ закъуэр трагъэгушхуэри, КъБКъУ-м и физико-математикэ факультетым физикэмкІэ и кІудамэм щІагъэтІысхьауэ щытащ.

Къэралым кьулыкъу хуэпщІэнкІэ узэреджэр уи щхьэусыгъуэу къабгъэнэ зэрымыхъуэм къыхэкІыу, мазитІ фІэкІа ёмыджауэ, Исуф армэм дашри илъэситІкІэ кьулыкъур ирихьэкІащ. Къигъэзэжа нэужь пищэжри, университетым зэрыщІэса илъэситхуми и цІэр фІыкІэ жригъэІэу, и адэ-анэр игъэгуфІэу еджащ.

ЩІалэщІэр очнэу зэреджэм хуэдизуэ Налшык къалэ дэт 17-нэ курыт щхьлым физикэмкІэ егъэджакІуэу щылажьэрт. Езым зэрыжиІэмкІэ, абдеж нэхъри щыдихьэхащ ар а Іэщ1агъэм. А зэманым, сабийхэми балигъхэми яфІэтельыджэу, уеблэмэ зы школми апхуэдэ ямыІэу физикэр иригъэджэн папщІэ зыхуеину хьэпшыпхэм я нэхъыбэр езыр и пІэм имыкІыу пультым трикъуэзэмэ кьыІэрыхьэу ищІауэ апхуэдэу лажьэрт ар.

Зи лэжьыгъэми дихьэх, университетми фІыуэ щеджэ, абы щекІуэкІ зэхьэхьэхэм, конференцэхэм жыджэру хэт Исуф ехьулІэныгъэфІэр иІэу 1968 гъэм еджапІэ нэхъыщхьэр къыщиухым общэ физикэмкІэ кафедрэм и ассистенту къагъэнэжауэ щытащ.

Гъэнэ зимыІэ и щІэныгъэр и лъабжьэу лэжьыгъэ купщІафІэхэр зэфІигъэкІащ Исуф, КъБКъУ-м физикэм зыщиухыныным и гуащІэ куэд хилъхьащ. Ассистенту кьыщидзэри, и щІэныгъэмрэ Іэщ1агъэмрэ хигъахъуэрэ, доктор, профессор цІэ лъапІэр кьыфІащащ..

Илъэс 13-кІэ Азизыр КъБКъУ-м и медицинэ факультетым щыІащ лекцэхэр, лабораторэ, практикэ дерсхэр иригъэкІуэкІыу. 1986 гъэм щыщІдзэауэ нобэр кьыздэсым абы щрегъаджэ университетым и биологие факультетым, 1996 гъэ лъандэрэ общэ физикэмкІэ кафедрэм и унафэщІ, а псом къадэкІуэри, щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм жыджэру хэтщ. Зыхэт гупым я дежкІэ сыт и лъэныкъуэкІи щапхъэщ ар. Зи Іэщ1агъэм фІыуэ хэзыщІыкІ, щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ унафэщІым чэнджэщкІэ, лъэпкъІэ зыхуэзыгъэзэуэ апхуэдэщ. Абы и куэдщ и гъэсэнхэу и Іуэхум къыпысыщащхэри, нэгъуэщІ унэтІыныгъэ кьыхахьу доктор, профессор цІэ лъапІэр зыфІащахэри.

Кьыдэкіуэтей щІэблэм Исуф ядригъэжьыкІ псэ хьэлэл гъэжьыгъэр гупыгъэншэ зэрымыхъуам и щыхьэтщ щІэныгъэлым щІыхь, фІыщІэ тхьилъхэр мыз3-мытІэу кьиэзэрыхуагъэфэщар.

Сыт хуэдэ гуп хэмыхьэми зы хьэлэм тету щыт Іэщ1агъэлІым игури и псэри кьэзыкъуреихь псоми яхуэзІухаэу, дэтхэнэми зэщІигъэкъуэну, дэІэпыкъуну хьэзыру апхуэдэщ. Ара уи щыщІэкІынщ псоми фІыуэ къыщІалъагъур.

ЗэхэщІыкІ куурэ акъыл жанкІэ Тхьэр зыхуэупса щІэныгъэ лэжьакІуэ Іэзэм унагъуэ дахи иІэщ. И щхьэгъусэмрэ езымрэ зэдаІуэгъэ бынитІыр унагъуэ хьужауэ мэпсэу. И къурылъху-пхъурылъхуэхэм япэ итхэр я гъуазэу, я ехьулІэныгъэхэмкІэ ахэр ягъэгуфІэу кьоГъэгурыкІуэ.

Сэбэпшхуэ кьызыпыкІын лэжьыгъэ куэд зи Іэдакъэ кьыщІэкІа щІэныгъэлІ щыпкъэм ехьулІэныгъэфІэхэр иІэу, и унагъуэ дахэр хуэузыпнэну иджмэри куэдрэ дяпэ итыну ди гуапэщ.

Тхыгъэри сурэтри
ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ *ейщ.*

«И Іэщ1агъэм кьыхуигъэщІащ» зыхужаІэхэм ящыщщ Кэнжэ къуажэм дэт амбулаторэм щылажьэ, категорие нэхъыщхьэ зиІэ дохутыр-терапевт Кьардэн Маргаритэ. Илъэс 37-рэ хъуауэ ар а Іэнатіэм пэрытщи, къуажэдэсхэм къахуэщІэжыркъым абы зыхуэзыгъэзауэ сэбэп зыхуэмыхъуа щыІэу. Апхуэдэ и Іуэху бгъэдыхьэкІэрщ Маргаритэ щІыхухэм фІыуэ зыхуеджэну Іэщ1агъэр къыхэхьыным къэдрэ егупсысакъым. Апхуэдэ дыдэу Маргаритэ и щыпхэу Валентини дохутыр хъущ. Ар Бахъсэн поликлиникэм терапевту щолажьэ.

КъБКъУ-м и медицинэ факультетыр кьиуха нэужь, 1980 гъэм Маргаритэ езыр кьыщалъхуа Кэнжэ къуажэм дохутыр-терапевту ягъэкІуэжащ икІи нобэр кьыздэсым и зэфІэкІи и гуащІи емыблэжу а Іэнатіэм пэрытщ. Абы жэуаплынигъэшхуэ хэлъу и лэжьыгъэр ирехьэкІ, дэтхэнэми бгъэдыхьэкІэ щхьэхуэ кьыхуигъэтыфу, я гукъеуэр зыхуэдэр зригъащІэрэ, адэкІэ я Іуэху зэрыхъунымрэ теухуауэ чэнджэщ ящиту. АпхуэдизкІэ бзэ дахэ Іурыпъщи, и псалъэ гуапэхэм сымаджэр зэрыхуэжьнымкІэ гугъэ хелъхьэж.

ШыІэныгъэ хэлъу, гуапэу яхуэщытщ ар сымаджэхэм. ЦІыху псори я хьэлкІэ зэхуэдэкъым. Къапщтэмэ, узым кьыхуигъэзыхыщ адрейхэм ещхькъым, нэхъ тэмакъкІэщІщ, кьэгубжьыгуафІэ мэхъу, ауэ Маргаритэ дэтхэнэри арэзы ищІыфу и Іэнатіэр ирехьэкІ. Ар сытым дежи хущІокъу игъэзащІэ Іуэхур нэгъэсауэ зэрызэфІихыным, езым и деж къэкІуа сымаджэм и нэгум нэщхъыфІагъэ илъу щІэкІыжмэщ и лэжьыгъэр кьехъулІауэ кьыщІэльэтэр.

ЦІыхугъэ лъагэ зыхэлъ, нэмыс зиІэ бзыльхугъэм зыхэс лъэпкъми пщІэшхуэ кьыщыхуащІ. Дыгулыбгъуей кьуажэм щыпсэу Кьардэнхэ я унагъуэшхуэм ар хъарзынэу яхэзэгъащ, нэхъыжьми нэхъыщІэми хуэщІапхъэ кьалэныр игъэзащІэу кьадокІуэкІ. И бынитІыр хабзэрэ нэмысрэ яхэлъу игъэсащ. И хьыджэбзыр езым и лъагъуэм ирикІуэжащ, дохутыр Іэщ1агъэр зригъэгъуэтауэ гинекологыу мэлажьэ. И щІалэр Бахъсэн прокуратурэм щыІэщ.

Кьардэн Маргаритэ и лэжьыгъэфІым папщІэ кьратащ Іуэхущ1апІэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьабгъэдэкІ щІыхь, фІыщІэ, щытхъу тхьилъхэр. Ауэ, езым зэрыжиІэмкІэ, и лэжьыгъэм кьыпэкІуэ пщІэ нэхъ лъагэу кьыцІыпэр игъэхъужа цІыхум и фІыщІэ псалъэрщ.

Мыбдежым кьыхэдгъэщыну дыхуейт Маргаритэ илъэс 30 хъуауэ кьыдэлажьэ, категорие нэхъыщхьэ зиІэ медсестра Султановэ КІуринэ. Ари икъукІэ цІыху гуапэу, дэтхэнэ зыми гукІи псэкІи хуэгумащІэу, и кьалэныр нэгъэсауэ зэфІигъэкІыу апхуэдэщ.

Зи гугъу тщІа бзыльхугъэхэм дохъуэхъу зыпэрыт Іэнатіэм и хъер ялъагъуэ, узынщагъэ, гуфІэгъуэ, дэрэжэгъуэ яІэу я гуащІэр ирахьэкІыну.

ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Жаннэ, АТЭБИЙ КІуринэ, ДЗУ ХуркІэ, ГЕРГОКОВЭ Идэ, ЯН Риммэ.

Зи лэжьыгъэр фІыуэ зылъагъухэр

● Дэ къытхуатх

● Хьуэхъу

ФатІимэ Алинэ

ФатІимэрэ Алинэрэ щапхъэ ягъэлъагъуэ

Адыгэ пщащэ нэсым и щапхъэхэу ягъэлъагъуэ, Зеикьуэ къуажэм щыщ Мэршэнкъулхэ ФатІимэ Арсен и пхъумрэ Алинэ Аслъэн и пхъумрэ ди гуапэу дохъуэхъу я гуфІэгъуэ махуэшхуэхэмкІэ.

НобэФатІимэ къыщалъхуа махуэщ. Апхуэдэу абы ехъулІэныгъэкІэ кьиухащ КъБКъУ-м и юридическэ факультетым и бакалавриатурэр, къэрал экзаменхэр «тху» защІэкІэ итащ, мыгувэу кьыІэрыхьэжынуц абы щыхьэт техъуэ диплом «плъыжьыр». Алинэ курыт школыр дыщэ медалкІэ кьихащ, Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр ФІы дыдэу итащ, дохутыр Іэщ1агъэм хуеджэну и мурадщ.

Зэшыпхъухэм, зи насып къэкІуэгъуэ адыгэ пщащэ екІуэкІ, гъэсэныгъэ дахэрэ щІэныгъэ куурэ зыбгъэдэлъхэм, дигуми ди псэми къабгъэдэкІыу дыныеохъуэхъу фи дунейр дахэрэ гъащІэр фи щІэщыгъуэу, уэзыншагъэ фиІэрэ фи дэрэжэгъуэм хэхъуэу, гуфІэгъуэр фи Іэпэгъуэ, нэщхъеягъуэр кьыфпекІуэкІыу, фызыхьыхьэм дефІэкІыу, насыпыр изу, щІэныгъэм и лъагапІэщхэм фынэсыну. Фи нэхъыжьхэр фи пщІэмрэ щІыхьымрэ иригушхуэу куэдрэ Тхьэм фигъэпсэу!

Фіыуэ фыкьэзыльагъухэу фи адэшхуэ-анэшхуэ Мэршэнкъулхэ Хьэсэнрэ Лидэрэ, фи адэ-анэхэмрэ къывдалъхуахэмрэ, фи благъэхэмрэ Іыхьлыхэмрэ.

● ТхыгъэщІэ

Нэр ягъэгуфІэ икІи уагъэлгупсысэ



Художествэзхэмкіэ Урысей академием и щІэныгъэхъутакІуэ институтым и лэжьакІуэ пажэхэм ящыщ, искусствоведенэ щІэныгъэхэм я кандидат Ступин Сергей и «Лъагэныгъэм и гъуэздж» монографиер тхьилъ щхьэхуэу кьыдэкІащ, УФ-м щыІэ зиІэ и художникиз, КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ, Художествэзхэмкіэ Урысей академием хэт, Европэм и академие зыбжанэм, ЩІДАА-м я академик КІыщ Мухьэдин илъэс 75-рэ зэрырикъуам ирихьэлІэу. Ар теухуауэ сурэтыщІым и творчествэм дыныгъэ гъуэздджэм щыІэ увыпІэм.

Москва и «БуксМАрт» тхьилъ тедзапІэм кьыщыдэкІа тхьилъыр экземпляр 1000 мэхъу. Зи теплъэр удихьэхыу гъэщІэрэщІа кьыдэкІыгъуэм тхыгъэхэр урысыбзэкІи инджылызбзэкІи ихуащ. Абы зыубгъуауэ щызэпкърыхауэ Урысейми Европэм и нэгъэщІ къэралхэми щыщІэрыІуэ сурэтыщІым кьикІуа творчество гъэзэгуанэр, и щэнхабзэ щІэинэр. КІыщым и лэжьыгъэхэу тхьилъым ихуахэм нэр ягъэгуфІэ икІи уагъэгупсысэ.

- Искусствовед цІэрыІуэ Ступин Сергей си гъащІэмрэ си гуащІэмрэ монографие зэрытриухуар гуапэщ. Гъуэзджэм и цІыхухэм ящыщу апхуэдэ гулытэ сэ сяпэкІэ зыхуащІауэ щыІэр Церетели Зурабщ. Тхьилъыр Москваи нэгъэщІ щІыпІэхэми щагъэлъэгъуауэ икІи кьалъытащ абы мыхьэнэшхуэ зэриІэр, - жиІащ КІыщ Мухьэдин.

Тхьилъыр кьыдагъэкІынымкІэ дэІэпыкъуэгъу хъуащ КъБР-м и Правительствэмрэ Художествэзхэмкіэ Урысей академием-рэ. Ар яхуэщъхьэпэнущ сурэтыщІхэм, гъуэзджэм и лэжьакІуэхэм, абы хуеджэхэмрэ дихьэхэмрэ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

«ХьэтІохъущкъуейм» ирегъэблагъэ

● Гъэмахуэ-2017

Бахъсэн щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэм хъыбар кьызэрыдигъэщІамкІэ, мы гъэмахуэм районым щыІэ «Хьэтіохъущкъуей» лагерым зыщагъэпсэхунущ сабий куэд зиІэ, щытыкІэ гугъуэм ит, унагъуэ хуэмыщІахэм яйуэ сабий 800-м.

ЗыГъэпсэхупІэм иджыпсту зыщагъэпсэху зи ныбжьыр илъэси 6 - 16-кІэ ит сабии 150-м. Абы-хэм папщІэ зэхагъэуваурэ щыІэ программэм ипкъ иткІэ сабийхэр лагерым зэрыщыІэну зэманыр гъэнщІауэ щытщ зэхьыхэ, пшыхь хьэлэмэтхэмкІэ. Апхуэдэу абыхэм я деж щрагъэкІуэкІынущ викторинэхэр, зэпеуэ зэхуэмыдэхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр, шоу-программэхэр, нэгъэщІ куэди. Нэхъыщхьэрапщи, цыкІуэхэм гурыхь нэхъ ящыхьу ерыскъыгъуэхэмкІэ махуэм плІэ ягъашхэ.

ИСЛЪАМ Нащхьэу.

● Псапэ

Махъсидэ Дисанэ дыдэвгъэІэпыкъу

Дунейм къызэрытехьэрэ Дисанэ цІыкІу узыфэ хьэлъэ куэд игъэнэхуащ: сепсис, менингит, остеомиелит.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдиз узыфэр лъэужьыныщ хъуакъым. А псом сабийм узыфэ хьэлъэ икІи шынагъуэ къыхуэхкІащ.

Дисанэ гъащІэм гу щихуэу псэун, ныкъуэдыкъуэу къэмынэн папщІэ операцэ лъапІэ Германием щыхуащІын хуейщ.

Республикэм и цІыхухэм зыфхудогъазэ Дисанэ и гуэвэгъуэм зыкъыщІэвгъэкъуэну икІи операцэм текІуэдэну ахъшэр зэхуэхьэсыныкІэ дэІэпыкъуэгъу фхьхуну.



КАРТА СБЕРБАНКА
63900260 9073048754 OLGA MAXIDOVA
ДЛЯ РУБЛЕВЫХ ПЕРЕВОДОВ

Получатель	МАКСИДОВА ОЛЬГА ХАЗРАИЛОВНА
Счёт получателя	40817810760330071183
Банк получателя	Кабардино-Балкарское отделение №8631
ИНН получателя	ПАО Сбербанк Г. НАЛЬЧИК
БИК банка получателя	7707083893
Корреспондентский счёт	040702615
Код подразделения Банка по месту ведения счёта карты (для внутренних переводов по системе Сбербанк)	30101810907020000615 5286310800
Адрес подразделения Банка по месту ведения счёта карты	г. Терек, ул. Ленина, 20
ДЛЯ ВАЛЮТНЫХ ПЕРЕВОДОВ	MAXIDOVA OLGA KHAZRAILOVNA
Получатель	40817810760330071183
Счёт получателя	SBERBANK (YUGO-ZAPADNY HEAD OFFICE) STAVROPOL RUSSIAN FEDERATION
Наименование банка получателя	SABRRUMMSPI
SWIFT-код	5286310800
Код подразделения Банка по месту ведения счёта карты (для внутренних переводов по системе Сбербанк)	

Максидова Ольга Хазраиловна
КБР, г. Терек, ул. Канкошева, д. 113, 8-963-281-81-90

● Футбол

Іэпщацэм и топитІым ещанэ увыпІэр кьрегъэхь

Урысей Федерацэм футболымкІэ и чемпионатым, 2001 гъэм къалъхуахэр зыхэтым, и кІэух зэІущІэхэр мы махуэхэм Мэскуу щокІуэкІ. «Спартак-Налшыкыр» и ныбжьыщІэхэр абы екъуалІэныгъэ яІэу хэтщ.

ПЭЩІЭДЗЭ джэгугъуитІым Мэскуу и «Спартак»-мрэ Санкт-Петербург и «Зенит»-мрэ кьыщыхагъэщІа иужькІэ налшыкдэхэм зэзэщІакъуэжащ икІи адэкІэ зыми кьапикІуэтакъым. Владивосток и «Луч-Энергия»-м бжыгъэшхуэкІэ зэрытекІуам абыхэм кьарувщІэ кьахилъхьащ икІи зыхэт гупым и кІэух зэІущІэри хъарзынэу ирагъэкІуэкІащ.

Смоленск и ЦРФСО-ри хущІэкъуащ ещанэ увыпІэр иубыдыну. Абы хуэфэщэну зэІущІэр ирагъэжьащ икІи епщыкІубланэ дакъикъэм «Спартак-Налшыкым» и гъэм топ дигъэкІащ. Лъэныкъуэхэм дапхуэдизу гугъу зрагъэхьами джэгум и япэ Іыхьэ ныкъуэм бжыгъэм зихъуэжакъым.

Загъэпсэхуу кьихьэжа иужькІэ налшыкдэхэм я гъуащхьауэ Іэпщацэм и зэфІэкІ лъагэр кьызыкъуихащ. ЯлэщІыкІэ абы бжыгъэр зэхуэдэ ищІыжащ, кьыкІэтІыныгъэ ящыщ «Спартак-Налшыкыр» тезыгъэкІуа топри я хьэрхуэрэгъуэхэм яхудигъэкІащ.

Арати, 2:1-уэ джэгур ихащ. Абы и фІыгъэкІэ ди щІалэхэм зыхэт гупым ещанэ увыпІэр щаубыдащ. «Спартак-Налшыкым» япэ кьищар Мэскуу и «Спартак»-мрэ Санкт-Петербург и «Зенит»-мрэ я ныбжьыщІэ командхэращ.

Адэжь налшыкдэхэр щІэбэныкуц зэхьэзэхуэм и етхуанэ увыпІэм. Абы папщІэ нобэ ІущІэнущ адрей гупым ещанэ щыхъуа Калинин-град и «Балтика»-м и футболист ныбжьыщІэхэр.

● Волейбол

КъБКъУ-м и командэр финалым макІуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и Физкультурэ спорт комплексым щекІуэкІащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я цІыхубз волейбол командэхэм я урысейпсо студент зэхьэзэхуэхэм я Іыхьэр.

ЗэПЕУЭ гуащІэ щекІуэкІа зэпэщІэтыныгъэхэм пашэ щыхьэщ зэІущІэ псоми щытекІуа, уеблэмэ зы Іыхьи зыфІамыхьа КъБКъУ-м и командэр. ЕтІуанэ хъущ Мэхъэчкъалэ кьикІа гупыр. Осетие Ищхьэрэ - Аланием и баскетбол командэр ещанэщ.

Волейболымкіэ урысейпсо зэхьэзэхуэм и щыІэныгъэ Іыхьэм зэрыщытекІуам и фІыгъэкІэ ди республикэм и командэм Іэмал кьыхуукъэкІащ зэпеуэм и кІэух зэІущІэхэу Тамбов къалэм щекІуэкІыну зыкъыщагъэльэгъэну.

КъБР-м Волейболымкіэ и федерацэм кьыбгъэдэкІыу текІуахэмрэ кьыхэжаныкІахэмрэ кубокхэр, щІыхь тхьилъхэр, медалхэр, сауГъэт лъапІэхэр хуагъэфэщащ. Зэхьэзэхуэм и волейболист нэхъыфІу кьалъытащ КъБКъУ-м и командэм хэт Габуевэ Олеся.

● Атлетикэ псынщІэ

Инджылызым ирагъэблагъэ

Урысей Федерацэм и къэрал ныпым щІэмыту дунейпсо зэхьэзэхуэхэм зыкъыщигъэлъэгъуэну Іэмал зрата Ласицкене (Кучинэ) Марие зэпеуэшхуэхэм хэтыну хьыджэру хущІокъу Абыхэм ящыщщ «Налкъутналмэс лигэ» коммерческэ турнирыр.

ИНДЖЫЛЫЗЫМ щекІуэкІыну зэхьэзэхуэшхуэм и кьызэгъэпэщакІуэхэм Ласицкене Марие я щІыпІэм щалъагъуну зэрыхуэмейр кьэд щІакъым зэрыжаІэр. Ардщхьэкіэ, «Налкъутналмэс лигэм» и Іыхьищм щытекІуэу лъагэу дзлъеинымкІэ дунейпсо рейтингым пашэныгъэр щызыыбуда ди лъахэгъуэр абыхэм ирамыгъэблагъэну яхуэзфІэкІакъым.

Мыгувэу Лондон щыІэну зэхьэзэхуэм Ласицкене и дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ атлетикэ псынщІэмкІэ дунейпсо чемпионатри мы гъэм и щыщхьэуІум щызэхэтынур Инджылызым и кьалащхьэращ.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, илъэс 24-рэ зи ныбжь прохладнэдэсыр мы гъэм зэрыщІидзэрэ Урысеймрэ дуней псомрэ щекІуэкІа зэхьэзэхуэм 7-м хэтати, дэтхэнэми щэч кьызытымыхьэн текІуэныгъэхэр кьыщихьащ.

ЖЬЫЛАСЭ Замир.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КьыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхутыгъэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэху жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епІыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ ящ1 дэтыщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъуэмэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **Жьэкіэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дзэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзырац.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.723 ● Заказ №804